



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA POU FÈ AVANSE INOVASYON NAN PWOJÈ RECHÈCH, DEVLOPMAN AK DEMONSTRASYON SOU IDWOJÈN PWÒP

*Solisitasyon yo ouvri pou finanse pwojè nan sektè difisil pou elektrifye ke antite nan New York k ap chèche aktivman pou aplike pou opòtinite finansman federal pou idwojèn pwòp yo pwopoze*

*Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè pou redui emision 85 poustan elektrisite disi 2050 ak 100 poustan elektrisite zewo emision disi 2040*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon inisyativ 10 milyon dola pou fè avanse pwojè inovatè rechèch, devlopman ak demonstrasyon sou idwojèn pwòp ki adrese defi pou ranplase itilizasyon gaz fosil nan sektè ki difisil pou elektrifye yo. Solisitasyon sa a ouvri pou finanse pwojè antite ki baze nan New York pwopoze k ap aplike tou aktivman pou opòtinite finansman federal idwojèn pwòp. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè pou redui emision 85 poustan elektrisite disi 2050 ak 100 poustan elektrisite zewo emision disi 2040

"Envesti nan idwojèn pwòp se dènye egzanp angajman New York pou eksplore tout teknoloji ak avni pou tranzisyon nan enèji pwòp nan tout ekonomi an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "An patenarya avèk prensipal inovatè ak moun k ap rezoud pwoblèm nan eta a, n ap pran mezi odasye pou fè tranzisyon menm sektè ki pi difisil pou elektrifye yo, pou ede garanti yon avni ki an sante ak dirab pou tout Nouyòkè yo".

Nouvo inisyativ la, ke Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) administre, pral fonksyone ansanm ak avansman jeneral Eta New York nan yon ekosistèm idwojèn pwòp ki gen ladan inisyativ Sant Idwojèn Rejyonal Nòdès (NE Hub) la. Pandan ke travay NE Hub la konsantre sou deplwaman idwojèn pwòp atravè pi gwo rejyon Nòdès la, inisyativ la yo anonse jodi a pral espesyalman finanse efò RD&D (Rechèch, Devlopman ak Demonstrasyon) ki pi enpòtan ak pi esansyèl pou fè avanse yon ekonomi idwojèn pwòp nan New York epi sipòte reyalizasyon objektif Lwa sou Klima yo. Aplikan ki gen yon sèl antite oswa ekip ka fè konpetisyon pou finansman anba kat

domèn defi teknik pou nouveau rechèch, developman ak demonstrasyon idwojèn pwòp ki gen ladan:

- Aplikasyon idwojèn pou dekabonize chalè pwosesis endistriyèl;
- Pwodiksyon idwojèn pwòp ak entegrasyon avèk enèji renouvlab tankou solè ak ewolyen bò lanmè;
- Diminisyon oksid nitwojèn (NOx) nan konbisyon idwojèn; epi
- Teknoloji depo idwojèn, ki gen ladan depo esansyèl ak depo nan zòn anprendimèt.

Prim siksè yo pral depann de jwenn finansman federal. Yo pral aksepte [aplikasyon](#) pou nouveau inisyativ sa a jiska 3:00 p.m. nan 28 jen 2023. Ansanm ak dokiman pwopozisyon NYSERDA, moun k ap fè pwopozisyon yo oblige soumet papye konsèp federal yo pou NYSERDA evalye. Pou plis enfòmasyon ak dokiman ki gen rapò yo, vizite [sitwèb](#) NYSERDA. NYSERDA pral organize yon wèbinè nan 7 jen apati 3:00 p.m. jiska 4:00 p.m. pou pataje detay sou solisitasyon sa a ak kondisyon elijiblite yo. Tanpri anrejistre [isit la](#).

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Rechèch ak Developman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare**, "Nouvo inisyativ sa a montre plis lidèchip New York nan devlope yon ekosistèm idwojèn pwòp ki konekte pwodiksyon, fabrikasyon ak itilizasyon final pou fè avanse developman ekonomik, rezistans ak jistics anviwònmantal. Vize domèn defi teknik espesifik ki ankouraje inovasyon nan sektè ekonomi an ki difisil pou elektrifye yo konplete efò elektrifikasyon Eta a pandan sa a ap diminye emisyon nan tout Eta a, enkli nan zòn ki gen twòp chaj yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare**, "Inisyativ enpòtan sa a ki konsantre sou rechèch ak developman idwojèn pral komplete efò nou pou redwi itilizasyon gaz fosil kòm yon pati nan ajanda klima anbisye nou an nan Eta New York. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, solisitasyon sa a pral fè avanse rechèch ak inovasyon nan idwojèn pwòp pou ede nan tranzisyon nou an nan yon ekonomi enèji pwòp epi atenn objektif agresif nou yo dapre Lwa sou Klima a pou reyalize 40 poustan rediksyon nan emisyon gaz ki lakòz efè tèmik soti nan nivo 1990 disi 2030 ak 85 poustan disi 2050 pou asire yon anviwònmantal ki pi pwòp, ki pi vèt ak konbat chanjman nan klima pou jenerasyon k ap vini yo ak yon konsantre sou ekite nan kominote defavorize yo".

Pwojè yo akòde atravè demann sa a pral ouvri wout la pou deplwaman pwojè sant idwojèn alavni, epi ranfòse estrateji idwojèn rejjonal la ke patnè NE Hub yo pwopoze ki gen ladan New York, Connecticut, Maine, Massachusetts, New Jersey, Rhode Island ak Vermont, ak plis pase 100 patnè ekosistèm idwojèn nan, ki te kolabore nan developman yon pwopozisyon yo [soumet](#) bay Depatman Enèji Ameriken (U.S. Department of Energy, DOE) an nan kòmansman mwa avril pou finansman sant idwojèn ak deziyasyon kòm yon sant rejjonal dapre Lwa federal sou Enfrastrikti ak Travay la. Estrateji rejjonal sa a gen ladan:

- **Priyorizasyon pwodiksyon idwojèn elektwolitik pwòp** - entegre elektwolizè avèk enèji renouvlab tankou solè ak ewolyen.
- **Itilizasyon idwojèn pwòp pou dekabonize sektè ki difisil pou elektrifye yo** - aplikasyon idwojèn pou dekabonize chalè pwosesis endistriyèl, ki reprezante plis pase 60 poustan chalè total konsome nan endistri New York, kounye a se konbisyon gaz fosil ki founi li.
- **Ogmante ekosistèm inovasyon rich Nòdès la a gran echèl** - bay pataje pri pou antite ak pwojè New York yo pou ogmante plis pase 1 milya dola nan plizyè opòtinite finansman ajans federal te anonse dènyèman.
- **Atansyon kritik sou angajman kominotè, jistics anviwònmantal, divèsite, ekite ak enklizyon** - jistics anviwònmantal ak lòt pèspektiv pati ki konsène yo te enpòtan nan fòme domèn enterè pou solisitasyon sa a, ki gen ladan priyorize investisman nan pwodiksyon idwojèn pwòp avèk renouvlab, ki konsantre sou aplikasyon pou redui enpak polisyon lokalize nan Kominote Defavorize yo, ak kontwole emisyon oksid nitwojèn (NOx) ki soti nan itilizasyon idwojèn nan sektè ki difisil pou elektrifye, tankou pwosesis fabrikasyon endistriyèl tanperati ki wo.

**Manm Asanble Didi Barrett te deklare**, "Menm lè n ap kontinye pran mezi pou atenn objektif CLCPA anbisye eta a, li enpòtan pou nou rekonèt ke gen sektè ki ap toujou difisil si se pa enposib pou elektrifye. Travay avèk konbistib ki fèb an kabòn tankou idwojèn pwòp se yon estrateji pou adrese defi sa yo, epi inisyativ vizyonè sa a, ke NYSERDA fèk anonse, pral ede nou konprann plis potansyèl pou idwojèn pwòp pou reyalize dekabonizasyon".

**Direktè Egzekitif Konsòsyòm Teknoloji Batri ak Estokaj Enèji nan New York (New York Battery and Energy Storage Technology Consortium NY-BEST), Bill Acker, te deklare**, "Manm NY-BEST k ap travay sou idwojèn pwòp yo ap devlope solisyon pou defi enpòtan nan dekabonize jenerasyon elektrisite, transpò lou, ak sektè endistriyèl la pandan y ap konstwi yon endistri ki pral yon motè ekonomik enpòtan pou Eta a. Nouvo inisyativ NYSERDA te anonse jodi a pral ede finanse nouvo pwojè rechèch, devlopman ak demonstrasyon sou idwojèn pwòp ki enpòtan ki pral pèmèt nou kontinye efò nou pou devlope yon ekosistèm idwojèn pwòp solid isit la nan New York".

**Direktè Egzekitif Sant pou Sekirite Idwojèn la, Nick Barilo, te deklare**, "Pandan kantite pwojè idwojèn pwòp yo ap ogmante, priyorize sekirite pral enpòtan anpil pou gen siksè nan antrepriz sa a. Sant pou Sekirite Idwojèn ak resous li yo disponib pou òganizasyon ki enplike nan aktivite sa yo pou pèmèt tranzisyon an sekirite ak alè nan teknoloji idwojèn ak pil a konbistib. NYSERDA, kòm yon manm, gen aksè a dènye enfòmasyon sou pi bon pratik sekirite idwojèn pandan I ap sipòte devlopman teknoloji idwojèn nan Eta New York".

Inisyativ ki te anonse jodi a te devlope an akò ak [Plan Kadraj Konsèy Aksyon Klimatik](#) la te apwouve an desanm 2022, ki te idantifye itilizasyon estratejik kabiran ki pa gen anpil kabòn tankou idwojèn pwòp kòm yon eleman enpòtan pou dekabonize sektè ki difisil

pou elektrifye yo. Anplis de sa, jistis anviwònmantal ak pèspektiv pati ki konsène nan kominote ki defavorize yo te enpòtan pou fòme defi ak domèn enterè pou solisitasyon sa a, tankou prioyize rechèch sou rediksyon emision NOx ki soti nan konbisyon idwojèn, epi konsantre sou pwodiksyon idwojèn pwòp avèk enèji renouvlab.

Anons jodi a bati sou envestisman Eta New York nan rechèch, devlopman, ak komèsyalizasyon pou sipòte inovatè ak konpayi yo k ap akselere emision ki fèb yo ak teknoloji ki konfiske kabòn ki nesesè pou atenn objektif eta a pou netralite kabòn nan tout nivo ekonomi an. Pwogram [inovasyon](#) NYSERDA ap deplwaye 800 milyon dola sou 10 ane kòm envestisman dirèk atravè sibvansyon ak sipò komèsyalizasyon global. Plis pase 680 milyon dola nan envestisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finans pwojè yo te aktive, epi plis pase 450 pwodwi inovatè enèji pwòp yo te komèsyalize kòm rezulta teknoloji NYSERDA ak envestisman nan devlopman biznis, ki gen ladan sistèm ekleraj dyòd (LED), aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj avèk refwadisman ki pi efikas.

Finansman pou inisyativ sa a fèt atravè Fon pou Enèji Pwòp 6 milya dola Eta a sou 10 ane. Gen plis enfòmasyon sou finansman sa a ki disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

### **Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a**

Ajanda klimatik Eta New York la ki se lidè nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektrisite zewo emision disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fêt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emision biling yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans plis pase 3,000 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emision gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emision, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emision disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU